

**Gid Kristi House  
Atravè Sistèm nan**



**Yon Manyèl pou Paran ak  
Gadyen Kap Vizite  
Sant Orlovitz-Lee kap Defan-n  
Timou-n nan**



## Non ak Nimewo pou Kontak

**Kristi House            305-547-6800**

**Kowòdonatè Kes**

---

**Mou-n kap bay terapi**

---

**Envestigatè Pwoteksyon Depatman  
Timou-n ak Fanmi**

---

**Asistan Avoka Leta**

---

**Kowòdonatè Temwen Viktim yo**

---

**Gadyen Ad Litem**

---

**Detektif**

---

## Byenveni nan Kristi House ak Sant Orlowitz-Lee kap Defan-n Timou-n nan



Mou-n kap travay nan Kristi House yo devwe pou yo respekte, onore, pwoteje ak geri Timou-n ak fanmi ki frappe pòt kay nou.

Ou men-m ak Timou-n ou vini isit la a koz ke ou konsène Osijè abi posib.

### **Bi Nou yo**

- ♥ Chèche kon-nen ki sa ki te rive Timou-n ou-an
- ♥ Repon-n tout kesyon ou men-m ak pitit ou ka genyen
- ♥ Asiste ou men-m ak piti ou nan pwosesis legal, medikal, ak pwoteksyon-an
- ♥ Ede ou jwen-n nenpòt sèvis ou men-m ak pitit ou bezwen pou geri

## Responsablite ak Dwa Kliyan yo

- ♥ Kliyan nou yo ou byen gadyen yo kapab jwen-n nou soti 8:30 nan maten rive 5:00 nan aprè midi, Lendi a Vandredi. Aprè biwo fèmèn kliyan nou yo ka kite mesaj epi nou va retounen apèl yo osito ke posib.
- ♥ Kliyan nou yo ou byen gadyen yo gen dwa pou yo patisipe epi poze kesyon sou tout sèvis ke nou plani-fye ou byen bay.
- ♥ Kliyan nou yo ou byen gadyen yo gen dwa pou yo di yo si pwogram nan pa ka bay sèvis e pou yo resevwa enfòmasyon sou lòt kote yo ka jwen-n sèvis.
- ♥ Kliyan nou yo ou byen gadyen yo gen dwa pou enfòmasyon yo rete an sekre. Se sèlman avèk konsantman yo nou kapab bay enfòmasyon yo, si yon tribinal ban nou lòd pou sa, ou byen si nou sispèk ke kliyan nou an an danje, kapab fè tèt li mal, ou byen yon lòt mou-n.
- ♥ Kliyan nou yo gen dwa pou revize dosye yo jan prensip Kristi House mande sa-a.
- ♥ Kliyan nou yo ou byen gadyen yo gen dwa pou yo refize tretman. Sepandan, fo ke nou mele lòt pwofesyonèl ladan ni epi fèmèn kes la.
- ♥ Gadyen kliyan nou yo responsab byenèt ak sipèvizyon Timou-n yo pandan yo nan sant la. Anplwaye yo gen dwa pou yo anile ou byen refè yon randevou pou kliyan ki mete lòt kliyan ou anplwaye an danje blesi ou maladi.

*Silvouplè Ede nou pwoteje Timou-n ou yo epi refè randevou si Timou-n ou yo malad.*

### Inite Timou-n ak Bezwen Espesyal

Nan Sant Orlowitz-Lee kap Defan-n Timou-n nan nou chansa pou nou gen yon ekip pwofesyonèl ki byen prepare ki rankontre chak semèn pou bay repons a rapò sou abi Timou-n sibi.

Mou-n kap fè entèvyou forensik: Mou-n kap fè entèvyou forensik la va fè entèvyou pou chache kon-nen lè fè avèk Timou-n ki gen ant 3 e 11 zan ki swa te viktim ou byen te temwen yon krim. Li va fè entèvyou avèk

ou e avèk pitit ou pou li ka chèche kon-n Sak te pase. Entèvyou sa yo fèt nan yon fason ki pa fè Timou-n pè. Entèvyou sa yo tepe sou videyo e sa va sèvi pou redwi kantite fwa pitit ou va gen pou-l bay enfòmasyon e pou asiste investigasyon-an avèk pwosè ka sa yo.

Avoka Leta-a/Komisè Gouvènman: Komisè gouvènman-an dirije ekip la e se li ki pran dènye desizyon-an pou sa ki konsène akizasyon ki dwe fèt yo. Yo fè depozisyon, aranje davans konferans ak lòt reyinyon ki an rapò avèk desizyon sou pwosè-a. Gen plizyè bagay ki ka afekte desizyon pou mete akizasyon yo. Bagay sa yo enkli laj ak matirite Timou-n nan, si wi ou non akize-a konfese, prezans evidans medikal, e si wi ou non gen lòt temwen.

## Ekip pwofesyonèl ou yo

**Ofisye la polis:** Miami gen plizyè depatman polis. Sa ki pi gwo yo se Depatman Lapolis Kawonti Miami-Dade ak Depatman Lapolis Vil Miami-an. Men, plizyè zò-n nan Miami-an gen pwòp depatman yo, Lekòl Piblik Miami-Dade yo se yon-n nan yo. Yon ofisye nan depatman ki nan zò-n ou-an va fè entèvyou avèk Timou-n yo, paran ki pa mele nan zak la, mou-n yo sis-pèk yo, ak lòt temwen, e li va rasanble evidans nan plas kote zak la te fèt la.

**Konseye Temwen Viktim nan:** Konseye temwen viktim nan se yon pwofesyonèl nan biwo avoka leta-a ki kowòdone preparasyon pou tribinal la, ede viktim yo ak fanmi yo konpran-n pwosesis legal la, epi bay lòt sèvis enpòtan a viktim yo ansan-m ak fanmi yo.

**Gadyen ad Litem:** yon Gadyen ad Litem (GAL) se yon volontè ki resevwa fòmasyon espesyal ke tribinal la ka deziye pou reprezante pitit ou-a pandan pwosesis legal la. GAL la va eksplike pitit ou-a tout pwosesis legal, e li va ede ou ak pitit ou-a pou nou ka fè fas a krim nan ansan-m ak pwosè kriminèl la. Yon GAL kapab prezan o non de pitit ou-a diran nenpòt sa kap fèt, depi yo ka fè rekòmandasyon bay tribinal la, e ke yo ka mande pase lòd pou pwoteje pitit ou-a.

**Investigatè Pwoteksyon Depatman-an ak Fanmi-a:** Wòl Depatman Timou-n ak Fanmi-a se pwoteje pitit ou. Investigatè pwoteksyon-an fè entèvyou e devlope plan sekirite. Yo ka voye ou men-m ak pitit ou-a al pran konsèy.

## Ekip pwofesyonèl ou yo

**Doktè-a:** Isit la nan Sant Orlowitz-Lee kap Defan-n Timou-n nan nou travay nan zepòl kole avèk Ekip Pwoteksyon Timou-n nan pou ofri konsiltasyon medikal pou Timou-n ki te devwale ke yo te sibi abi depi plis pase 72 èd tan. Pou Timou-n ki te devwale abi ki te pase nan yon dat pi resan, ou byen pou ka dijans, yo konsilte Timou-n yo nan Sant Roxy Bolton pou trete mou-n ki isbi kadejak ki nan Lopital Medikal Jackson nan. Nan konsiltasyon pou abi seksyèl la yo fè yon Tyèkòp nòminal kote yo elaji pati prive-a. Elajisman-an fèt a lèd de yon enstriman yo rele Koulposkòp. Yo kapab fè yon priz nan pati prive-a tou. Konsiltasyon sa-a pa ta dwe bay pwoblèm ou byen fè mal. Pi fò nan Timou-n ki sibi abi seksyèl yo fè yon konsiltasyon nòminal ki fè ke ekip la pa bezwen konte sou konsiltasyon sa yo sèlman pou pwouve ke te gen abi. Konsiltasyon yo pèmèt doktè-a asire Timou-n nan ke kò li pa gen pwoblèm.

**Kowòdonatè Kes:** Kowòdinatè kes la kapab sèvi kòm koneksyon pou tout lòt ajans ki loje nan Sant la ak lòt ajans kap bay sèvis nan kominote-a. Li kapab ede nan bay repons a nenpòt kesyon ke-w ka genyen. Kowòdonatè kes la kapab refere Timou-n ak fanmi yo a nenpòt kèl sèvis yo ka bezwen tankou terapi e li va fè swivi pou asire ke fanmi-a ap resevwa sèvis yo.

**Terapis:** Pwofesyonèl Sante Mantal oubyen Terapis yo ki espesyalize nan travay ak Timou-n ki petèt te sibi abi seksyèl. Yo va ede ekip la deside kijan abi-a te afekte Timou-n nan ak fanmi li e ki sa ki ka fèt pou asiste yo pou yo ka geri anba sa yo te sibi nan eksperyans la.

## Ki sa Abi Seksyèl ye?

- ◆ Nenpòt kontak seksyèl ant yon granmou-n ak yon Timou-n
- ◆ Kontak seksyèl ant 2 Timou-n kapab yon abi tou si gen yon gran diferans ant laj, devlopman, oubyen gwosè yo.
- ◆ Abi seksyèl vle di aktivite seksyèl avèk yon Timou-n kote ke pa gen ou byen pa ka gen konsantman.

### Tip de Abi Seksyèl

#### Kontak Fizik

- ◆ Karese ou byen nenpòt touche ki pa apwopriye.
- ◆ Kadejak ou byen eseye fè kadejak.
- ◆ Sèvi ak yon Timou-n pou kreye pònografi.

#### Konpòtman ki pa fizik

- ◆ Ekspoze kò nan yon fason ki pa desan
- ◆ Pale de sèks nan yon fason ki ka choke Timou-n
- ◆ Pèmèt Timou-n nan gade ou byen tande zak ou byen materyèl seksyèl



## Etap Mou-n ki Fè Abi yo pase pou yo Pran TiMou-n

Mou-n ki fè abi yo soti nan tout gwoup laj, nivo salè ak ras.

Pi fò mou-n ki fè abi yo se gason, men fan-m ka abize timou-n tou. Mou-n ki fè abi soti nan tout gwoup laj,

nivo salè ak ras. Le pli souvan yo gen anbisyon pou-wa ou byen kontwol. Pafwa abi enkli izaj tafya ou dwòg ou byen lòt fòm vyolans domestik. Mou-n ki fè abi yo sèvi ak plizyè taktik pou yo antre sou timou-n.

**Chache timou-n** – Jeneralman mou-n ki fè abi yo chwazi timou-n ki fasil pou abode (fanmi, zanmi, vwazen). Yo chache timou-n ki tou dou ou byen ki gen bezwen emosyonèl pou zanmitay e atansyon.

**Etabli zanmitay avèk timou-n nan** – Le pli souvan mou-n ki fè abi yo chache fason pou yo bati konfyans ak zanmitay avèk timou-n. Yo ka pase tan ap jwe avèk yo, ofri pou fè gadiyè pou yo, achte kado ou byen sirèt pou yo.

**Kraze resistans timou-n nan lè yap manyen li** – Mou-n ki fè abi yo kapab jwen-n fason pou manyen timou-n anpil. Yo kapab jwe jwèt ki gen anpil kontak fizik tankou fè so ou byen satouyèt. Le pli souvan timou-n yo tonbe nan konfizyon lè manyen-an devni seksyèl.

**Jwen-n fason pou izole yon timou-n** – Mou-n ki fè abi yo jwen-n ekskiz pou yo ka pou kont yo ak timou-n.

**Akize ou byen fè menas sou timou-n nan pou yo ka kenbe sekrè** – Mou-n ki fè abi yo kapab di bagay sa yo:

“Ou kon-nen ou renmen jan-m manyen-w’  
“Si wal pale sa mwen ka oblije pati”  
“Si wal pale sa pa gen mou-n kap kwè-w”  
“Ou pa ka al pale sekrè espesyal nou-an”

## Konpòtman Natirèl mou-n dwe Atan-n de Timou-n ki nan laj Elemantè

- ◆ Poze kesyon sou pati prive, tete, zak seksyèl, bebe.
- ◆ Enterese gade mou-n nan douch
- ◆ Anplwaye mo “sal” pou sa mou-n fè nan twalèt, pati prive ak sèks.
- ◆ Fè tankou yo se doktè kap enspekte kò lòt mou-n.
- ◆ Ti gason ak ti fi enterese pou yo fè timou-n.
- ◆ Montre lòt mou-n pati prive yo.
- ◆ Enterese nan fè pipi ou tata.
- ◆ Touche/fwote pwòp pati prive yo lè yo pral dòmi, lè yo nève, kontan ou byen pè.
- ◆ Fè jwèt kay, tankou pran pòz yo se manman ou byen papa.
- ◆ Ti fi panse ke ti gason oswa ti gason panse ke ti fi bay kè tounen ou byen yo gen pou. Kouri dèyè yo.
- ◆ Pale de sèks avèk zanmi yo. Pale de genyen menaj.
- ◆ Pa vle mou-n wè yo lè yo nan twalèt ou byen lè yap chanje rad.
- ◆ Ren-men tande ou byen bay blag sal.
- ◆ Gade foto toutouni.

## Konpòtman Seksyèl Serye ke ou Dwe Chèche Èd Pwofesyonèl pou yo

- ◆ Kesyon san sès konsènan sèks. Konesans seksyèl twòp pou laj.
- ◆ Refize kite mou-n pou kont yo nan twalèt.
- ◆ Kontinye anplwaye mo sal men-m lè yo mete yo deyò nan lekòl ou aktivite.
- ◆ Fòse yon lòt timou-n pou jwe doktè, pou wetire rad yo.
- ◆ Manifeste la perèz ou byen kolè osijè de bebe ou relasyon seksyèl.
- ◆ Refize mete rad sou yo. Kontinye ekspoze kò nan piblik malgre plizyè reprimand pou yo pa fè sa.
- ◆ Kontinye jwe ak tata. Pipi sou yo pa ekspresè.
- ◆ Touche/fwote li an piblik ou an prive bagay ke timou-n nòmal pa fè. Mastibe sou mou-n ou sou lòt bagay.
- ◆ Eseye fè sèks ak lòt timou-n. Fòse lòt timou-n fè sèks. Rete toutouni.
- ◆ Anplwaye gwo mo kont fanmi lòt timou-n. Fè timou-n ki pa men-m sèks avèk yo ou byen ki pi piti pase yo mal.
- ◆ Pale anpil de sèks ak zak seksyèl. Toujou nan pwoblèm akòz de bagay seksyèl.
- ◆ Agresif ou byen kriye pou vi prive yo.

## Ede Timou-n ou

Timou-n prèske pa jan-m pale de abi seksyèl pou yo pa kreye pwoblèm. Le pli souvan, yo pè pale pou yo pa fè mou-n fache avèk yo. Li trè difisil pou pi fò timou-n pou yo rapòte abi.

### Kèk bagay ou kapab di

- ♥ Mwen kwè ou.
- ♥ Se pa fòt ou.
- ♥ Mwen regrèt sa rive ou.
- ♥ Sa kon-n rive lòt timou-n tou.
- ♥ Mwen fache, men se pa avè-w.
- ♥ Mwen kontan ou pale sa.
- ♥ Mwen fache avèk mou-n ki fè sa-a.
- ♥ Map pran swen ou.
- ♥ Mwen pa two kon-nen ki sa ki pral pase aprè.
- ♥ Ou pa bezwen okipe-w de mwen.
- ♥ Ou kapab wè map kriye paske-m tris, men pa gen pwoblèm.
- ♥ Mwen pa kon-nen pou ki sa mou-n nan fè sa.
- ♥ Ou ka toujou ren-men yon mou-n men rayi sa yo fè.

## Ede Timou-n ou

### Kèk bagay ou kapab fè

- ♥ Retounen nan yon vi nòmal osito ke posib.
- ♥ Asire-w ke pitit ou resevwa terapi.
- ♥ Pwoblèm yo ke abi-a koze pou ou ak pitit ou pap disparèt paske ou inyore yo.
- ♥ Chache èd pou tèt ou. Ou pa oblije fèl pou kont ou.
- ♥ Anseye pitit ou prensip sekirite pèsònèl. Lè yo santi yo pa alèz avèk yon mou-n yo ta dwe...

Pale sa.

Deplase.

Di yon granmou-n yo fè konfyans sa.

- ♥ Fè atansyon pou ou pa poze pitit ou twòp kesyon. Si pitit ou vle pale de sa, tandè li avèk atansyon, men pa pouse li.
- ♥ Pa kite pitit ou ansan-m avèk mou-n yo sispèk ki fè abi-a. Pa jan-m kite timou-n ou pou kont li avèk mou-n sa-a.
- ♥ Evite diskite ka-a avèk lòt viktim ou byen fanmi yo.
- ♥ Pa jan-m montre pitit ou ki sa pou-l di ou fè. Ankouraje yo di la verite.
- ♥ Sonje pou-w bay atansyon a lòt timou-n ou yo.

Bagay ki pi enpòtan ki va afekte jan ke pitit ou geri se nivo sipò ke ou ba yo.

## Kòman ou Santi ou

Lè yon timou-n rapòte yon abi, paran yo kapab santi plizyè diferan emosyon. Rapò-a ka afekte la vi ou nan plizyè fason. Pi ba-a men kèk panse ak jan mou-n santi yo paran yo kapab genyen lè yo apran-n abi pitit yo sibi.

Nye. Lè yon timou-n rapòte ke yon mou-n paran li renmen ou byen konfyè abize li premye reyaksyon-an kapab se pa kwè ke abi-a fèt vre. Yon paran kapab pa ka aksepte ou byen kapab kwè ke pat gen gwo domaj ki fèt. Paran dwe kon-nen ke se raman timou-n fè manti konsènan abi.

Kolè. Pafwa paran yo kapab santi yo fache ak tèt yo dèske yo pat pwoteje pitit yo. Yo kapab santi yo fache avèk mou-n ki abize pitit yo-a. Yo kapab men-m santi yo fache avèk pitit yo-a. Paran yo dwe pataje sa yo santi avèk yon man-m fanmi yo fè konfyans, yon zanmi, ou konseye pwofesyonèl.

Pa gen anyen ki ka fèt. Paran yo pafwa santi ke yo pèdi kontwol bagay yo. Kèk paran ka pè pou yo pa pran pitit yo nan men yo. Li enpòtan pou ou travay avèk pwofesyonèl yo nan sant la e fè yo kon-nen ki pwoblèm ou.

Chòk ak repiyans. Paran yo ki gen deja istwa abi nan pwòp la vi yo le pli souvan gen panse trè negatif lè men-m bagay yo rive pitit yo. Paran yo ka bezwen travay avèk yon terapèst pou yo kapab gen la viktwa sou reyaksyon emosyon akòz abi.

Santiman koupab. Paran yo ka santi ke se fòt yo, men se mou-n ki fè abi-a ki responsab, se pa ou. Pi bon bagay ou ka fè se sipòte pitit ou epi apran-n jan ou ka amelyore bagay yo.

## Pran Swen Tèt ou

Wap travèse yon moman trè difisil, e li posib ke ou santi anpil presyon kap soti toupatou. Byen ke wap eseye pran swen plizyè lòt mou-n, ou bezwen tou pran swen tèt ou. Byenèt ou trè zenpòtan. Ou bezwen jwen-n tan pou-w fè yon bagay pou ou sèlman e ou bezwen planifye pou-w fè-l regilyèman. Sa kapab difisil pou fèt men sa nan pi bon enterè ou men-m ak pitit ou.

Lè ou planifye pwòp tan ak espas ou sa kapab ede ou gen yon sans de kontwol. Pran tan pou-w pran swen tèt ou.

- ♥ Deside ki sa-w ta renmen fè.
- ♥ Planifye tan pou tèt ou.
- ♥ Ekri lè avèk kote-a
- ♥ Di nenpòt mou-n ki dwe kon-nen ki bò wap ye e ki lè wap retounen.
- ♥ Regle tout detay tankou swen timou-n ak transpòtasyon.
- ♥ Bay tèt ou plezi.

Men kèk sikjesyon pou aktivite: al fè yon ti mache, al manje ak yon zanmi, al nan sinema, ou byen al pran yon kou ekzèsis. Sa ki pi enpòtan, antre nan yon gwoup de sipò. Pale avèk lòt paran kapab vrèman plis ede-w santi ou pa pou kont ou.

## Fè Konsènan Envestigasyon-an ak Sistèm Legal la.

Isit nan sant la gen bagay kap fèt pou amelyore repons sistèm legal la bay a abi sou timou-n.

Pafwa, yo ka mande-w pou-w tan-n pandan ke yap kesyone pitit ou. Lè yo kite-w dèyè nan sa kap fèt la kapab fè-w santi

ou pa twò enpòtan. Dayè ou kapab se mou-n kle ki kapab ede pou konpran-n sa-k te pase-a. Sepandan, nan prezans ou, pitit ou-a kapab pa vle di dè detay enpòtan paske li kapab pa vle ofanse ou. Pi fò mou-n ki fè entèvyou yo va pran tan pou asire yo ke pitit ou santi li konfòtab men-m si-w pa la. Yap di timou-n nan ki bò ou ye e ke wap disponib sizanka yo bezwen ou. Yo va pale avèk ou tou aprè ke entèvyou avèk pitit ou-a fini.

Pwosesis legal la pafwa avanse dousman. Bagay yo kapab pran dè mwa ou men-m dèzane pou yo fèt. Yo kapab chanje sou chanje dat randevou tribinal yo e lè sa-a pap gen anyen wap ka fè. Li pi bon pou ou kolabore avèk ekip la pou ka jwen-n pi bon rezilta pou ou ak pitit ou. Lè yo tap mete sistèm legal la sou pye yo pat gen pwoblèm Timou-n nan tèt yo. Dwa timou-n ki viktim nan mwens defini ke dwa mou-n yo akize de abi-a. Isit nan sant la gen bagay kap fèt pou amelyore repons sistèm legal la bay a abi sou timou-n.

- ♥ Pwofesyonèl yo prepare sou sa ki konsène abi sou timou-n.
- ♥ Kantite fwa yon timou-n bezwen di sa-k te pase-a ap redwi.
- ♥ Ajans ki konsène yo ap kowòdone sèvis yo.
- ♥ Timou-n ak fanmi ka resevwa sèvis terapi ak konsèy diran pwosesis legal la.
- ♥ Yon Gadyen ad Litem kapab delege pou reprezante pi bon enterè timou-n nan.



## Travay ak sistèm nan

**Men kèk apèsi kijan pou travay ak pwofesyonèl yo nan sistèm nan.**

- Rete kalm e bay pitit ou asirans. Pa montre pitit ou ki sa pou-l di. Li enpòtan pou ke se timou-n nan ki di istwa-a nan pwòp mo pa li e nan lè pa li.
- Lè yo mande-w enfòmasyon bat pou-w bay le pli de fè ke posib. Kes yo chita sou 4 K: kilès, kisa, kilè e kibò. Pa devine si-w pa kon-n repons yon kesyon.
- Jan yon mou-n santi-l gen anpil enpòtans pou ede investigatè konpran-n, poutèt sa di jan-w santi-w ak pou ki sa-w santi-w konsa.
- Toujou onèt, men-m si verite-a ka pa parèt favorab pou ou men-m ou byen pou pitit ou. A lalong lap pi bon pou ou.
- Eseye pa reyaji twòp. Se yon moman difisil e emosyon yo monte wo. Pèdi kontwol ka fè kes la mal epi pase pye sou bezwen pitit ou.
- Renmen, sipòte e pwoteje pitit ou a tou pri. Si mou-n ki ta fè zak la se yon mou-n enpòtan pou ou, li kapab difisil pou-w balanse jan-w santi-w a lega mou-n sa-a avèk bezwen pou-w pwoteje pitit ou. Sonje pitit ou-a gen sèlman ou pou fè bon jan desizyon pou pwoteje li.
- Kowopere. Ou kapab santi ke investigatè yo ap antre twòp nan vi prive-w, men sa nesèsè pou kes la e pou byenèt pitit ou-a. Pi bonè fè yo soti, se pi bonè kes la ka rezoud e ou ka retounen nan yon vi nòmal.

## How to Tell Your Child About the Legal Outcome

**It is best to be honest and direct with your child.**

**How much you explain depends on your child's age and what he or she can understand. The most important thing is let the child know that you are proud of him or her for being brave.**

**When the case is completed, you may feel let down or have a period of depression. It happens to most parents, even if the outcome is a positive experience. If your child hears you express disappointment in the outcome, your child may think you are disappointed in him or her. Instead, find a supportive friend with whom you can share your feelings and frustration.**

**Remember, you have done your best in trying to prevent further abuse and hold the offender responsible for what he or she did. Even if the case was dropped, this is a major accomplishment.**

## What to Say to Others

**One challenge your family will face will be what to say to others about the abuse.**

Your child may feel embarrassed and responsible. If there is no publicity or public awareness, you can decide whom you will tell. Let your child know with which relatives or friends you will be discussing it and let your child have some choice about who is told.

Sometimes you are not the first person to learn of the abuse. You may feel hurt that someone knew before you. However, understand that your child may have been trying to protect your feelings by telling someone else. Your child may have felt that person could tell you in a less upsetting way.

If you are especially close to your family, you will probably want to talk with them about your child's abuse and how it has affected the family. It is important to keep in mind how these relatives usually react to stressful situations. If you know they will react in a negative way, you may not want to share the information with them unless it becomes necessary. It is important to maintain your child's sense of privacy. On the other hand, be careful not to make it into a shameful secret. Remember your child did nothing wrong.



KRISTI



HOUSE

**Kristi House, Inc.**

**Orlowitz-Lee Children's Advocacy Center**

**1265 Northwest 12th Avenue**

**Miami, Florida 33136**

**Phone: 305-547-6800**

**Fax: 305-547-6837**

**E-mail: [kristi@kristihouse.org](mailto:kristi@kristihouse.org)**

**Website: [www.kristihouse.org](http://www.kristihouse.org)**



Suspected child abuse or neglect should be reported. Please call the 24-hour Florida Abuse Hotline Information System: 1-800-96-ABUSE (1-800-962-2873) or contact your local law enforcement agency.

The Kristi House Orlowitz-Lee Children's Advocacy Center caters to the needs of abused children by providing case management, law enforcement, medical, legal and mental health services all under one roof.

**A COPY OF THE OFFICIAL REGISTRATION AND FINANCIAL INFORMATION MAY BE OBTAINED FROM THE DIVISION OF CONSUMER SERVICES BY CALLING TOLL-FREE WITHIN THE STATE. REGISTRATION DOES NOT IMPLY ENDORSEMENT, APPROVAL, OR RECOMMENDATION BY THE STATE. THE TOLL FREE NUMBER IS 1 (800) 435-7352.**

Layout by Tedd Johnson Graphic Design

Photography by Roland Joynes